# Хожелиде кеӊ көлемли абаданластырыў жумыслары басланды

Президентимиздиӊ тапсырмасына муўапық Хожели районын социаллық-экономикалық раўажландырыў ҳәм инвестициялық потенциалын арттырыў мәселелерине Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик салық комитети баслығы жуўапкер етип бириктирилип, Хожелиде МСК баслығының арнаўлы штабы дүзилгенлиги ҳаққында хабар берген едик.

Image not found or type unknown

Арнаўлы штаб тәрепинен районды экономикалық раўажландырыў, жаӊа өндирислик кәрханаларды шөлкемлестириў ҳәм социаллық объектлерди қурыў бойынша жойбарларды әмелге асырыў режелестирилген.

Ҳәзирги ўақытта бул штаб тәрепинен орынларда пуқаралардыӊ машқалалары үйренилип, оларға тез шешим табыў илажлары көрилмекте.

Атап айтқанда, пуқаралардыӊ пикир-усынысларынан келип шығып, «Қумжыққын» аўыл пуқаралар жыйыныныӊ «Нурымбет» аўылындағы жарамсыз жағдайға келип қалған электр трансформаторы жаӊасына алмастырылып, аўылдағы электр тәмийнаты үзилиске ушырамайтуғын болды.

Image not found or type unknown

Буннан басқа, «Күн нуры» аўыл пуқаралар жыйынындағы жаӊадан қурылған турақ жайлар ушын да жаӊа трансформатор ҳәм электр сым ағашлары орнатылып, барлық шаӊарақлар электр тәмийнатына жалғанды. Ал, «Қулаб» аўыл пуқаралар жыйыны аймағындағы орта басымлы газ трубасындағы насазлықлар сапластырылып, қайта оӊланыўы нәтийжесинде бул аймақтағы шаӊарақларда газ

жана баслады.

Сондай-ақ, Хожели районы орайында да кең көлемли абаданластырыў жумыслары басланып кетти. Орайлық көшелер тазаланып, ишки жолларда оңлаў жумыслары алып барылмақта.

Бул бағдардағы жумыслар нәтийжели даўам етпекте.

Қарақалпақстан хабар агентлиги